



## FÒMILÈ KONSANTMAN POU VAKSINASYON

### Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech

Nouvo Kowonaviris SARS-CoV-2 (oswa KOVID-19) se yon maladi enfektyez ki parèt nan fen ane 2019. Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan se yon vaksen ki poko apwouve men ki ka anpeche pwopagasyon KOVID-19. Pa gen okenn vaksen ki apwouve pa FDA nan moman an.

Mwen mande pou mwen oswa moun ki nome anba la ki anba titèl mwen (chwazi youn) :

MWEN MENM    MOUN NON LI ANBA LA  
resevwa Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan.

---

#### Enfòmasyon Moun ki ap Resevwa Vaksen an :

Siyati \_\_\_\_\_ Prenon \_\_\_\_\_ Dat Nesans \_\_\_\_\_ Fi oswa Gason \_\_\_\_\_

Adrès : \_\_\_\_\_ Vil : \_\_\_\_\_ Leta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal : \_\_\_\_\_

#### Enfòmasyon Moun ki ap bay Otorizasyon (konplete si moun ki ap resevwa vaksen an diferan) :

Siyati \_\_\_\_\_ Prenon \_\_\_\_\_ Dat Nesans \_\_\_\_\_ Fi oswa Gason \_\_\_\_\_

Adrès : \_\_\_\_\_ Vil : \_\_\_\_\_ Leta : \_\_\_\_\_ Kòd Postal : \_\_\_\_\_

Kisa ou ye pou moun ki ap resevwa vaksen an ? : \_\_\_\_\_

**Vaksen an se pou (chwazi youn)** :  Doktè  Kontraktè  Anplwaye  Benevòl  Lòt : \_\_\_\_\_

Konpayi / Òganizasyon : \_\_\_\_\_

---

#### MWEN REKONÈT (METE INISYAL OU DEVAN CHAK DEKLARASYON) :

Anvan mwen vaksine, mwen resevwa yon kopi dokiman FDA ki rele *Fact Sheet for Recipients and Caregivers (Fich Enfòmasyon Pou Moun ki Resevwa Vaksen ak Pèsonèl Swayan)* ki an rapò avèk Otorizasyon pou Itilizasyon an ijans (EUA an anglè) Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan oswa mwen te resevwa enstriksyon pou al sou sit wèb FDA pou jwenn enfòmasyon sou vaksen KOVID-19 lan nan : [Pfizer-BioNTech COVID-19 Vaccine | cvdvaccine.com](https://www.cvdvaccine.com)

\_\_\_\_\_ FDA otorize itilizasyon an ijans Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan, ki pa yon vaksen ki apwouve pa FDA.

\_\_\_\_\_ Moun ki resevwa vaksen an oswa pèsonèl swayan li an gen opsyon aksepte oswa refize Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan.

\_\_\_\_\_ Mwen te resevwa enfòmasyon sou avantaj ak enkonvenyan enpòtan ki koni oswa potansyèl nan Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan, epitou mwen te resevwa enfòmasyon nan ka kote avantaj ak enkonvenyan sa yo enkoni. Mwen te resevwa enfòmasyon sou lòt altènativ disponib nan plas vaksen an epi sou avantaj ak enkonvenyan altènativ sa yo, nan mezi sa posib.

\_\_\_\_\_ Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan administre entramiskilè (nan misk ou) nan yon seri de 2 (de) dòz (0.3 ML chak); dezyèm dòz lan ap pran 3 semenn aprè premye an. Moun ki resevwa vaksen an dwe resevwa 2 (de) dòz Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan pou konplete pwosesis vaksinasyon an.

Moun ki resevwa vaksen an dwe gen 12 lane oswa plis.

Moun ki "iminodeprime" (ki gen sistèm iminitè fèb), ki gen ladan yo moun ki ap resevwa terapi ki rann sistèm iminitè yo fèb ka gen sistèm iminitè yo reyaji fèbleman a Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan.

Vaksen an ka pa pwoteje tout moun ki resevwa li.

Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan gen engredyan sa yo ladan'l :

ARNm, lipid ((4- idroksibil)azanedil)bis(ekzan-6,1-dil)bis(2-ekzildekanowat), 2 [(glikolpolietilèn)-2000]-N,N-ditetraadesilasetamid, 1,2-Disteawoyl-sn-gliser-3- fosfokolin, ak kolesterol), potasyom, klorid, klori potasyom, fosfat potasyom monobasik, klorid sodyom, fosfat sodyom dihydrate dibazik ak sikroz.

Mwen te li oswa me te resevwa eksplikasyon sou enfòmasyon ki nan *Fact Sheet for Recipients and Caregivers (Fich Enfòmasyon Pou Moun ki Resevwa Vaksen ak Pèsònèl Swayan)* FDA an sou Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan. Mwen te gen yon opòtinite pou diskite avantaj ak enkonvenyan vaksen KOVID-19 lan avèk founisè swen sante ke mwen chwazi an anvan vaksinasyon an. Mwen te gen opòtinite pou mwen poze kesyon e mwen resevwa repons ke mwen jije satisfézan.

Mwen kwè mwen konprann avantaj ak enkonvenyan vaksen sa a epi mwen mande pou mwen oswa pou moun ki nome anba la a ki anba titèl mwen resevwa vaksen an.

**KESYON POU TRIYAJ MEDIKAL : Reponn Wi oswa Non a chak kesyon anba la a.** Bay moun ki pral founi w vaksen an tout istorik medikal ou, sitou lè ou reponn "wi" a yon kesyon. Eksepte pou 2 denyè kesyon yo, lè ou reponn "wi" a youn nan lòt kesyon yo, ou ka vle konsilte founisè swen sante pèsònèl ou anvan ou vin pran vaksen an. Lè ou reponn "wi" a youn nan de (2) denyè kesyon yo, ou pa ta dwe resevwa vaksen an jodya.

Kesyon	Wi	Non
Èske ou gen alèji ?		
Èske ou gen fyèv ?		
Eske ou gen twoub emorajik oswa ap pran yon antikowagilan ?		
Eske sistèm iminitè ou fèb oswa ou ap pran medikaman ki afekte sistèm iminitè ou ?		
Eske ou ansent oswa planifye pou ou ansèt ?		
Eske ou ap alete ?		
Eskè ou resevwa yon lòt vaksen KOVID-19 ?		
Eske ou te gen yon reyakson alèjik grav aprè ou te finn pran premye dòz vaksen an ?		
Eske ou te gen yon reyakson alèjik grav ak youn nan engredyan ki nan vaksen an ?		

Dat

Siyati Moun ki ap Resevwa Vaksen an

OSWA Siyati Moun ki Otorize pran Desizyon pou Moun ki ap Resevwa Vaksen an

PA EKRI NAN ESPAS SA — ITILIZASYON BIRO SÈLMAN Edisyon VIS Founi pa : \_\_\_\_\_

Vaksen : \_\_\_\_\_

Dat Vaksinasyon: \_\_\_\_\_

Fabrikan : \_\_\_\_\_

Lo # : \_\_\_\_\_

Dat Ekspirasyon : \_\_\_\_\_

Wout : \_\_\_\_\_

Kote / Kibò : \_\_\_\_\_

Volim (ml) : \_\_\_\_\_

Siyati Enfimyè / Founisè

Dat

Lè

**The Edward & Mary Lord  
Family Health Center at UCFS**  
47 Town Street  
Norwich, Connecticut 06360-2315

MWEN PA GEN ASIRANS

Telephone (860) 892-7042  
Fax (860) 886-6124  
[UCFShealthcare.org](http://UCFShealthcare.org)

### KONSANTMAN POU FAKTIRE ASIRANS POU VAKSEN KOWONAVIRIS (KOVID-19)

Non \_\_\_\_\_ Dat Nesans \_\_\_\_\_ Eske ou se yon pasyan UCFS ? (Ansèkle Youn) Wi / Non  
Nimewo Telefòn \_\_\_\_\_ Adrès \_\_\_\_\_

Mwen, \_\_\_\_\_ dakò ke lè mwen founi enfòmasyon asirans sante mwen, mwen  
otorize UCFS pou li faktire asirans lan pou administrasyon vaksen KOVID-19 lan. **Moun ki pa gen asirans sante  
oswa ki gen asirans ki pa kouvri tout frè yo pap resevwa yon fakti pou balans lan.**

Ekri an Enprime Non Moun ki Asire an \_\_\_\_\_  
Siyati, \_\_\_\_\_ Prenon, \_\_\_\_\_ Inisyal 2èm Prenon, \_\_\_\_\_  
Dat Nesans

Kisa ou Ye pou Moun ki Asire an ?

\_\_\_\_ Se Mwen \_\_\_\_ Se Madam / Mari Mwen \_\_\_\_ Lòt

Konpayi Asirans Prensipal \_\_\_\_\_

# Manm / # Idantifikasyon Asire an \_\_\_\_\_

# Gwoup \_\_\_\_\_

Adrès Konpayi Asirans (abityèlman nan do kat lan)

\_\_\_\_\_  
Ri / Bwat Postal

Vil \_\_\_\_\_ Leta \_\_\_\_\_ Kòd Postal \_\_\_\_\_

Dezyèm Konpayi Asirans \_\_\_\_\_

# Manm / # Idantifikasyon Asire an \_\_\_\_\_

#Gwoup \_\_\_\_\_

POU ITILIZASYON UCFS SELMAN :

Tip Vaksen Founi : \_\_\_\_\_ Pfizer \_\_\_\_\_



**(FICH ENFÒMASYON POU MOUN KI RESEVWA VAKSEN  
AK PÈSONÈL SWAYAN)**

**OTORIZASYON POU ITILIZASYON AN IJANS (EUA)  
VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN POU ANPECHE  
PWOPAGASYON MALADI KOWONAVIRIS 2019 (KOVID-19) NAN MOUN KI  
GEN 16 LANE E PLIS**

Ou gen opsyon pou ou pran Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan pou anpeche pwopagasyon Maladi Kowonaviris 2019 (KOVID-19) ke SARS-CoV-2 koze. Fich Enfòmasyon sa gen enfòmasyon pou ede w konprann avantaj ak enkonvenyan Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan ke ou ka resevwa paske gen yon pandemi KOVID-19 kounyea.

Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan se yon vaksen ki ka anpeche w trape KOVID-19. Pa gen okenn vaksen ki apwouve pa FDA (Administrasyon Manje ak Medikaman) ozetazini pou anpeche pwopagasyon KOVID-19.

Li Fich Enfòmasyon sa a pou jwenn enfòmasyon sou Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan. Pale ak moun ki ap founi ou vaksen an si ou gen kesyon. Se chwa pa w pou ou resevwa oswa pa resevwa Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan.

Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan administre nan misk ou an nan yon seri de 2 (de) dòz, dezyèm dòz lan ap administre 3 semenn aprè premye an.

Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan ka pa pwoteje tout moun.

Fich Enfòmasyon sa te ka mete a jou. Pou vèsyon ki pi a jou an, tanpri al gade [www.cvdvaccine.com](http://www.cvdvaccine.com).

**KISA POU OU KONNEN ANVAN OU PRAN VAKSEN SA A.**

**KISA KOVID-19 YE ?**

KOVID-19 se yon maladi ki koze pa yon kowonaviris ki rele SARS-CoV-2. Tip kowonaviris sa a pa't janm vizib anvan. Ou ka pran KOVID-19 lè ou an kontak avèk yon lòt moun ki gen virus lan. Se yon maladi ki prensipalman respiratwa ki ka afekte lòt ògan yo. Mou ki gen KOVID-19 rapòte yo gen plizyè sentòm diferan, depi sou sentòm leje rive nan maladi grav. Sentòm yo ka parèt ant 2 a 14 jou aprè ou te an kontak ak virus lan. Sentòm yo ka enkli : fyèv oswa frison; tous; souf kout; fatig; doulè miskilè oswa kòporèl; tèt fè mal; nouvo pèt gou oswa odora; gòj fè mal; konjestyon oswa nen koule; noze oswa vomisman; dyare.

**KISA VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN YE ?**

Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan se yon vaksen ki pa apwouve men ki ka anpeche pwopagasyon KOVID-19. Pa gen vaksen ki apwouve pa FDA ki ka anpeche pwopagasyon KOVID-19.

FDA otorize itilizasyon an ijans Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan pou anpeche pwopagasyon KOVID-19 kay moun ki gen 16 lane e plis, jan yon Otorizasyon pou Itilizasyon an Ijans (EUA an anglè) mande sa a.

Pou plis enfòmasyon sou EUA, gade seksyon “**KISA “EMERGENCY USE AUTHORIZATION” – EUA AN ANGLÈ (OTORIZASYON POU ITILIZASYON AN IJANS) YE ?**” nan fen Fich Enfòmasyon sa a.

### **KI ENFÒMASYON POU OU FOUNI MOUN KI AP BA W VAKSEN AN ANVAN OU RESEVWA VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN ?**

Bay moun ki pral founi w vaksen an tout istorik medikal ou, sitou si :

- ou gen alèji
- ou gen fyèv
- ou gen twoub emorajik oswa ap pran yon antikowagilan
- sistèm iminitè ou fèb oswa ou ap pran medikaman ki afekte sistèm iminitè ou
- ou ansent oswa planifye ansent
- ou ap alete
- ou deja resevwa yon lòt vaksen KOVID-19.

### **KIYÈS KI TA DWE PRAN VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN ?**

FDA otorize itilizasyon an ijans vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan pou moun ki gen 16 lane e plis.

### **KIYÈS KI PA DWE PRAN VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN ?**

Ou pa ta dwe pran Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan si ou :

- te gen yon reyakson alèjik grav a premye dòz vaksen sa a.
- te gen yon reyakson alèjik grav a youn nan engredyan vaksen sa a.

### **KISA ENGREDYAN YO YE NAN VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN ?**

Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNtech lan gen engredyan sa yo ladan'l : ARNm, lipid ((4- idroksibil)azanedil)bis(ekzan-6,1-dil)bis(2-ekzildekanowat), 2 [(glikol polietilèn)-2000]-N,N- ditetraadesilasetamid, 1,2-Disteawoyl-sn-glisero-3- fosfokolin, ak kolesterol), potasyom, klorid, klori potasyom, fosfat potasyom monobasik, klorid sodyom, fosfat sodyom diyidrate dibazik ak sikroz.

### **KIJAN VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN ADMINISTRE ?**

Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan pral administre tankou yon enjeksyon anndan misk ou.

Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan se yon seri de 2 (de) dòz, dezyèm dòz lan ap administre 3 semenn aprè premye an.

Si ou resevwa yon dòz Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan, ou ta sipoze resevwa yon dezyèm dòz menm vaksen an nan 3 semenn aprè pou konplete seri vaksinasyon an.

## **ESKE VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN TE DEJA ITILIZE ANVAN ?**

Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan se yon vaksen ki poko apwoueve. Nan etid klinik yo, anviwon 20,000 moun aje de 16 lan e plis te resevwa omwen yon dòz Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan.

## **KISA AJANTAJ VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH YO YE ?**

Nan etid klinik ki an kou, Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan montre li ka anpeche pwopagasyon KOVID-19 apre 2 dòz, lè dezyèm dòz lan pran 3 semenn aprè premye an. Dire pwoteksyon kont KOVID-19 lan enkoni kounyea.

## **KISA ENKONVENYAN VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH YO YE ?**

Gen yon chans minim ke Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan ka koze yon reyakson alèjik grav. Yon reyakson alèjik grav rive anviwon kèk minit a inèdetan aprè ou fin resevwa premye dòz Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan. Pou rezon sa a, moun ki ap founi ou vaksen ou an ka mande w pou ou rete kote ou resevwa vaksen ou an pou kontwòl aprè vaksinasyon an. Siy alèji grav ka enkli :

- Difilikte pou respire
- Figi ak gòj ou vin anfle
- Kè w bat vit
- Yon roujè (eripsyon kitane) sou tout kò ou
- Vètij ak feblès

Efè segondè yo rapòte avèk Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan enkli :

- reyakson alèjik grav
- reyakson alèjik ki pa grav tankou roujè (eripsyon kitane), gratèl (demanjezon), demanjezon sou po oswa figi gonfle
- doulè nan pwen kote yo enjekte vaksen an
- fatig
- tèt fè mal
- doulè miskilè
- frison / la tranblad
- doulè nan jwenti
- fyèv
- pwen kote yo enjekte vaksen an vin gonfle
- pwen kote yo enjekte vaksen an vin wouj
- noze
- pa santi w byen
- ganglyon lenfatik anfle
- dyare
- vomisman
- doulè nan bra

Efè segondè sa yo ka pa tout efè segondè Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan. Efè segondè grav epi ki enprevi ka rive. Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan toujou a letid nan tès klinik.

### **KISA POU MWEN FÈ SI M GEN EFÈ SEGONDÈ ?**

Si ou gen yon reyakson alèjik ki grav, rele 9-1-1 oswa al nan lopital ki pi pre ou an.

Rele founisè vaksen ou an oswa founisè swen sante ou si ou gen efè segondè ki deranje'w oswa ki pa kanpe.

Fè rapò sou efè segondè bay FDA / CDC nan sistèm rapò efè negatif nan vaksinasyon (VAERS an anglè). Nimewo gratis VAERS lan se 1-800-822-7967 oswa fè rapò anliy nan <https://vaers.hhs.gov/reportevent.html>. Tanpri ekri "Pfizer-BioNTech COVID-19 Vaccine EUA" nan premye liy nan bwat #18 fomilè rapò an.

Epitou, ou ka fè rapò sou efè segondè bay Pfizer Inc. pa kontak enfòmasyon ki founi anba la yo.

Sit Wèb	Nimewo Faks	Nimewo Telefòn
<a href="http://www.pfizersafetyreporting.com">www.pfizersafetyreporting.com</a>	1-866-635-8337	1-800-438-1985

Ou ka resevwa opsyon pou ou anrejistre nan v-safe. V-safe se yon nouvo zouti volontè ki mache nan "smartphone" ki itilize mesaj tèks ak ankèt pou kontwole moun ki finn resevwa vaksen an pou idantifye efè segondè potansyèl aprè yo finn pran vaken KOVID-19 lan. V-safe poze kesyon ki ede CDC kontwole sekirite Vaksen KOVID-19 yo. V-safe raple w tou lè pou ou pran dezyèm dòz vaksen KOVID-19 lan si ou bezwen youn epi founi èd an pèsòn pa telefon si patisipan yo fè rapò de enpak negativ aprè yo fin resevwa vaksen KOVID-19 lan. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou ou patisipe, vizite : [www.cdc.gov/vsafe](http://www.cdc.gov/vsafe).

### **E SI MWEN DESIDE PA PRAN VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN ?**

Se chwa ou pou ou deside resevwa oswa pa resevwa Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan. Si ou deside pa resevwa li, sa pa pral chanje swen medikal abityèl ou yo.

### **ESKE GEN LÒT OPSYON DISPONIB POU ANPECHE PWOPAGASYON KOVID-19 A PA VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN ?**

Nan moman an, pa gen altènativ ki apwouve ki disponib pou fè prevansyon kont KOVID-19. Lòt vaksen pou anpeche pwopagasyon KOVID-19 ka disponib anba Otorizasyon Pou Itilizasyon an Ijans.

### **ESKE MWEN KA RESEVWA VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN AVÈK LÒT VAKSEN ?**

Pa gen enfòmasyon sou itilizasyon Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan avèk lòt vaksen.

## **E SI MWEN ANSÈT OSWA AP ALETE ?**

Si ou ansent oswa ap alete, diskite sou opsyon ou yo avèk founisè swen sante ou.

## **ESKE VAKSEN KOVID-19 PFIZER-BIONTECH LAN KA BAN MWEN KOVID-19 ?**

Non. Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan pa gen SARS-CoV-2 ladan'l e pa ka ba w KOVID-19.

## **SERE KAT VAKSINASYON OU**

Lè ou fin pran premye dòz ou an, ou pral resevwa yon kat vaksinasyon pou enfòme w kilè pou ou tounen pran dezyèm dòz Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan. Sonje pote kat ou an lè ou ap tounen.

## **ENFÒMASYON ADISYONÈL**

Si ou gen kesyon adisyonèl, vizite sitwèb lan oswa rele nimero ki founi anba la.

Pou ou jwenn Fich Enfòmasyon ki pi resan yo, skane Kod QR ki founi anba la.

Sitwèb Global	Nimewo Telefòn
<a href="http://www.cvdvaccine.com">www.cvdvaccine.com</a> 	1-877-829-2619 (1-877-VAX-CO19)

## **KIJAN M KA JWEN PLIS ENFÒMASYON ?**

- Poze founisè vaksen ou an kesyon
- Vizite CDC nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>.
- Vizite FDA nan <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/mcm-legal-regulatory-and-policy-framework/emergency-use-authorization>.
- Kontakte depatman sante publik lokal oswa leta ou.

## **KIBÒ ENFÒMASYON SOU VAKSINASYON MWEN YO PRAL KENBE ?**

Founisè Vaksen an ka enkli enfòmasyon sou vaksinasyon ou nan sistèm enfòmasyon sou vaksinasyon (IIS an anglè) oswa nan lòt sistèm deziye ki nan jiridiksyon leta/lokal ou. Sa ap asire ke ou resevwa menm vaksen an lè ou tounen pou dezyèm dòz lan. Pou plis enfòmasyon sou IIS, vizite : <https://www.cdc.gov/vaccines/programs/iis/about.html>.

## **ESKE YO KA FAKTIRE MWEN YON FRÈ ADMINISTRATIF PASKE MWEN RESEVWA VAKSEN KOVID-19 LAN ?**

Non. Nan moman sa a, founisè an paka faktire w pou dòz vaksen an epi li pa ka faktire'w frè administrasyon vaksen oswa tout lòt frè pou ou peye (out of pocket) si pou ou resevwa sèl vaksen KOVID-19 lan. Men tou, founisè vaksen yo ka eseye chache ranbousman apwopriye nan men pwogram oswa plan ki kouvri frè pou administre vaksen KOVID-19 pou moun ki resevwa vaksen an (asirans prive, Medicare, Medicaid, Administrasyon Sèvis ak Resous Sante (HRSA an anglè), Pwogram KOVID-19 pou moun ki pa gen asirans).

## **KIBÒ MWEN KA FÈ RAPÒ NAN KA MWEN SISPÈK FROD ?**

Nou ankouraje moun ki vin okouran de vyolasyon posib de obligasyon Pwogram Vaksinasyon KOVID-19 CDC an pou yo fè rapò bay Biro Enspektè Jeneral, Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini nan 1-800-HHS- TIPS oswa nan <https://TIPS.HHS.GOV>

## **KISA “COUNTERMEASURES INJURY COMPENSATION PROGRAM” – CICP AN ANGLÈ (PWOGRAM KONPANSASYON POU REPOS A BLESI) YE ?**

CICP se yon pwogram federal ki ka ede peye frè swen medikal ak lòt depans spesifik pou senten moun ki blese grav pa senten medikaman oswa vaksen – vaksen sa a enkli ladan'l. Jeneralman, fòk yon reklamasyon soumèt nan CICP nan mwens ke yon (1) ane de dat vaksen an te resevwa. Pou ou konn plis sou pwogram sa a, vizite [www.hrsa.gov/cicp/](http://www.hrsa.gov/cicp/) oswa rele 1-855-266-2427

## **KISA “EMERGENCY USE AUTHORIZATION” – EUA AN ANGLÈ (OTORIZASYON POU ITILIZASYON AN IJANS) YE ?**

Biro FDA Ozetazini mete vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan disponib anba yon mekansim aksè an ijans ki rele EUA. EUA an etabli anba yon deklarasyon Sekretarya Sante ak Sevis Imen (HHS) ki di ke sikontans egziste pou jistifye itilizasyon an ijans de medikaman ak pwodyi byolijik pandan pandemic KOVID-19 lan.

Vaksen KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan pa sibi menm tip evalyasyon pwodyi ki apwouve pa FDA oswa pwodyi ki pase apwobasyon. FDA ka mete an plas yon EUA lè senten kritè prezan, ki enkli ke pa gen altènativ adekwa, apwouve ni disponib. Epitou, desizyon FDA an baze sou tout evidans syantifik disponib ki montre ke pwodyi an ka efikas pou anpeche pwopagasyon KOVID-19 pandan pandemi KOVID-19 lan e ke avantaj konni e potansyèl pwodyi an plis pase enkonvenyan koni ak potansyèl pwodyi an. Tout kritè sa yo dwe rasanble pou pèmèt ke pwodyi an ka itilize nan trètman pasyan pandan pandemi KOVID-19 lan.

EUA pou VAKSEN KOVID-19 Pfizer-BioNTech lan efektif pou dire deklarasyon EUA KOVID-19 lan ki jistifye itilizasyon an ijans de pwodyi sa yo, amwens ke li anile oswa revoke (lè sa a, pwodyi sa yo pa ka itilize ankò).



Fabrike Pa :  
Pfizer Inc., New York, NY 10017

**BIONTECH**

Fabrike Pou :  
BioNTech Manufacturing GmbH  
An der Goldgrube 12  
55131 Mainz, Germany

LAB-1451-3.2  
Revize : 6 Avril 2021




Scan to capture that this Fact Sheet was provided to vaccine recipient for the electronic medical records/immunization information systems.

Barcode Date: 12/2020



# v-safe

## kontwòl sante aprè vaksinasyon



**V-safe** se yon zouti ki mache nan “smartphone” ki itilize mesaj tèks ak ankèt pou founi ou kontwòl sante pèsonalize aprè ou fin resevwa vaksen KOVID-19 lan. Pa **v-safe**, ou ka fè CDC konnen byen vit si ou gen efè segondè aprè ou fin pran vaksen KOVID-19 lan. Selon jan ou repon kesyon yo, yon moun nan CDC ka rele pou fè kontwòl epi jwenn plis enfòmasyon. Epi **v-safe** pral raple ou lè pou ou pran dezyèm dòz vaksen KOVID-19 lan si ou bezwen youn.

Patisipasyon ou nan **v-safe** CDC an fè yon diferans – li ede kenbe vaksen KOVID-19 yo an sekirite.



Aprè ou fin resevwa vaksen KOVID-19 ou an, vizite **VSAFE.CDC.GOV** pou kreye kont ou.

## Kesyon ki Poze Souvan sou V-Safe

### Kijan mwen ka patisipe nan v-safe ?

Depi ou fin resevwa yon vaksen KOVID-19, ou ka anrejistre nan **v-safe** pa smartphone ou. Founisè swen sante ou pral ba w yon fich enfòmasyon sou **v-safe** ki esplike kijan pou anrejistre epi komanse. **V-safe** gratis pou itilize – ou pral bezwen yon smartphone ki gen yon navigatè entènèt modèn epi aksè a entenet pou patisipe. Patisipasyon volontè e ou ka deside pa patisipe nenpòt kilè. Pou ou pa patisipe, senpleman reponn “STOP” lè **v-safe** voye yon mesaj tèks ba ou. Ou ka rekomanse avèk **v-safe** ankò lè ou voye yon mesaj tèks ki di “START”.

### Konbyen tan kontwòl yo dire ?

Pandan premye semenn lan aprè ou vaksine, **v-safe** pral voye you mesaj tèks chak jou pou konn kijan ou ye. Apre sa a, ou ap resevwa mesaj kontwòl yon fwa pa semenn pandan 5 semenn. Kesyon **v-safe** poze you pran mwens ke 5-minit pou reponn.

Si ou bezwen yon dezyèm dòz vaksen an, **v-safe** pral founi yon nouvo pwosesis kontwòl pandan 6 semenn pou ou ka pataje eksperyans ou aprè dezyèm dòz lan tou. Pou fini, ou pral resevwa yon mesaj kontwòl nan 3, 6 epi 12 mwa aprè dòz final vaksen ou an.

## **Eske enfòmasyon sou sante mwen an sekirite?**

Wi. Enfòmasyon pèsonèl ou nan **v-safe** pwoteje pou yo ka rete konfidansyèl epi prive. Akoz **v-safe** itilize sistèm enfòmasyon ki jere pa CDC, FDA ak lòt ajans federal, sistèm sa yo anplwaye mezi sekirite ki apwopriye a nivo sansibilite done yo.

## **Kijan patisipasyon mwen nan v-safe fè yon diferans?**

Lè ou patisipe nan v-safe, ou ka di CDC si ou gen efè segondè aprè ou fin pran vaksen KOVID-19 lan. Enfòmasyon sa yo ede CDC kontwole sekirite vaksen KOVID-19 yo an tan reyèl. Si pwoblèm sante grav rapòte, ekspè medikal ak syantis ka envestige yo byen vit. Epitou, sistèm sekirite vaksinasyon tradisyonèl, tankou [Vaccine Adverse Event Reporting System](#) (VAERS) ak [Vaccine Safety Datalink NSD](#) pral itilize pou kontwole sekirite vaksen KOVID-19 yo. Sistèm sa yo fè pati de apwòch global peyi an pou sekirite vaksinasyon.

## **E si mwen gen problèm sante mwen panse ki ka an relasyon avèk vaksen KOVID-19 mwen an ant kontwòl v-safe yo oswa lè m fini ak v-safe?**

Si nenpòt kilè ou gen sentòm oswa problèm sante ki preyokipe ou lè ou fin pran vaksen KOVID-19 lan, tanpri kontakte founisè swen sante ou.

An plis de patisipasyon ou nan **v-safe**, ou ka fè [rapò sou eksperyans ou nan VAERS](#).



### **Bezwen èd avèk v-safe?**

Rele 800-CDC-INFO (800-232-4636)

Nimewo pou Moun ki gen Problèm Tande 888-232-6348

Louvri 24 / 24, 7 jou sou 7